

RINGKESAN

Raisha Nadya Maharani (2026) *Pengaruh Média Pangajaran Zep Quiz Problem Based Learning kana Pamahaman Matéri Budaya Taat Hukum (Kuasi Ékspérimén Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung)*.

Panalungtikan ieu dijudulan *Pengaruh Média Pangajaran Zep Quiz Berbasis Problem Based Learning kana Pamahaman Matéri Budaya Taat Hukum (Kuasi Ékspérimén Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung)*. Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho kumaha pangaruh pamakéan média pangajaran *Zep Quiz* berbasis *Problem Based Learning* (PBL) kana pamahaman matéri budaya taat hukum peserta didik kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Méthode anu digunakeun nyaéta kuasi ékspérimén kalayan desain *pretest-posttest control group design*. Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta peserta didik kelas X SMA Pasundan 8 Bandung anu ngawengku kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Instrumén pikeun ngumpulkeun data mangrupa tés pamahaman konsép dumasar kana Taksonomi Bloom dina ranah kognitif C2–C3. Ari hasil tina ieu panalungtikan némbongkeun yén: (1) Larapna média pangajaran *Zep Quiz* berbasis PBL dina mata pelajaran Pendidikan Kewarganegaraan di kelas X SMA Pasundan 8 Bandung geus hasil dilaksanakeun sacara terstruktur saluyu jeung sintaks PBL. (2) Tingkat pamahaman peserta didik kana matéri budaya taat hukum ngalaman paningkatan anu signifikan sanggeus ngagunakeun média *Zep Quiz* berbasis PBL dibandingkeun jeung saméméh média kasebut dilarapkeun. (3) Aya pangaruh anu signifikan tina pamakéan média pangajaran *Zep Quiz* berbasis *Problem Based Learning* kana pamahaman matéri budaya taat hukum peserta didik kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Hal ieu ngabuktikeun yén kombinasi média digital interaktif jeung modél pangajaran berbasis masalah éféktif pikeun ngaronjatkeun pamahaman konséptual peserta didik Generasi Z anu miboga karakter salaku *digital native*, sakaligus méré kontribusi kana ngawangun kasadaran hukum ti mimiti umur sakola.

Kecap Konci: Budaya Taat Hukum, Pamahaman Matéri, Pendidikan Kewarganegaraan, *Problem Based Learning*, *Zep Quiz*.